

Repons CDC Konsènan **Zika**

**ITILIZE MOUSTIKÈ YO** PANDAN W AP DÒMI



### Kijan pou Byen Itilize Moustikè yo

Moustikè yo ka pandye sou tèt yon kabann oswa bèso pou pwoteje kont marengwen k ap mòde w. Granmoun ak timoun ta dwe dòmi anba yon moustikè si pa gen èkondisyone ak chanm ki gen twil.



## Lè w ap itilize yon moustikè sou kabann:

- Foure moustikè a anba matla a pou kenbe marengwen yo deyò.
- Foure moustikè ki sou yon bèso anba matla a oswa chwazi yon moustikè ki long ase pou li rive atè a.
- Rale moustikè a pou li ka byen dwat pou evite danje toufe pou jèn timoun.
- Kwoke oswa mare sou kote moustikè a ak lòt bagay si yo ap pandye nan direksyon kote moun ap dòmi a.
- Tcheke pou twou oswa dechire nan moustikè a kote marengwen ka antre.
- ✗ **Pinga ou** pann moustikè a tou pre balèn, sigarèt, oswa kote ki gen dife, paske li ka pran dife.
- ✗ **Pinga ou** dòmi ak moustikè a dirèkteman sou ou, paske marengwen ka toujou mòde nan twou ki nan moustikè a.

Pou plis enfòmasyon sou kijan pou kontwole marengwen nan kay la, ale sou sit [www.cdc.gov/zika/prevention/controlling-mosquitoes-at-home.html](http://www.cdc.gov/zika/prevention/controlling-mosquitoes-at-home.html)